

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Ngaran nya éta sebutan atawa label pikeun barang, manusa, tempat, produk, sarta gagasan atawa konsép anu biasana dipaké pikeun ngabédakeun nu hiji jeung nu lianna. Jacob Rais Guru besar Emeritus ITB dina bukuna *Toponimi Indonesia* (2008: 1) nétélakeun yén “basa manusa gubrag ka alam dunya, *properti* anu munggaran dibéré ku kolotna nya éta “ngaran diri” (*antroponim*), sabab ngaliwatan ieu ngaran, mimiti kawangun hiji paguneman anu ngaruntuy antara anak jeung kolotna satungtung hirupna. *Properti* kadua anu satuluyna nyantél kana *antroponim* nya éta, “tempat gumelar” (toponimi). Jadi tétéla “*statement*” Shakespare nu mangrupa penggalan kalimah tina roman “*Romeo Juliet*” nu nyebutkeun “*what’s in a name?*” teu payu dina toponimi mah, sabab manusa salawasna méré ngaran unsur-unsur nu aya di sabudereunana pikeun ciri jeung manusa teu ngan saukur méré ngaran kana hiji hal, tapi manusa ogé méré ma’na kana éta ngaran.

Masih numutkeun Rais (2008: 4), basa manusa nyicingan hiji tempat di alam dunya, atawa ngabukbak lahan pikeun padumukan, sacara teu langsung manusa ngalakukeun komunikasi jeung alam di sabudeureunana. Ngaliwatan méré ngaran ka sakumna unsur rupabumi, kayaning méré ngaran kana susukan, tegal, gunung, lembah, pulo, teluk, sagara, selat, jst. Salian ti éta, manusa ogé méré ngaran kana tempat padumukanana, kayaning ngaran: *babakan, kampung,*

*désa* nepi ka ngaran *kota*. Manusa méré ngaran kana rupabumi atawa kana hiji tempat tangtu miboga udagan nya éta pikeun ciri tur jadi sarana komunikasi jeung papada jalma. Cindekna ngaran-ngaran tempat tangtu aya patalina sarta teu bisa dileupaskeun jeung sajarah anu nyampak di éta patempatan.

Toponimi asalna tina basa Yunani, nya éta “*topos*” (tempat) jeung “*onoma*” (ngaran). Jadi toponimi téh nya éta panataan ngaran-ngaran patempatan. Nurutkeun Kosasih (2010) “kajian folklore dina toponimi téh minangka bagian tina élmu onomastika (*onomastics*), anu ulikanana ngawengku di antarana baé: méré ngaran jalan, ngaran atawa jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bubuahan kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana ‘sajarah’ ngajanggélékna.

Ngaran hiji tempat sok dijadikeun ciri atawa calecer pikeun hiji jalma atawa masarakat anu dumuk di éta lembur pikeun nuduhkeun hiji patempatan. Saupamana urang ngareungeu ngaran tempat, sakapeung urang sok méré kacindekan sorangan kana kaayaan sosial éta patempatan. Padahal, urang acan ninggali éta tempat, jorojoy langsung kabayang ngeunaan éta tempat. Di sagédéngéun éta, aya anu jadi kapanasaran. Naha mémang ngaran hiji tempat téh ujug-ujug aya ti dituna, atawa aya nu méré ngaran. Saupama geus aya ti dituna, geuning loba kénéh tempat anu can dibéré ngaran.

Ayana ngaran hiji tempat ngaguluyur jeung dumukna jalma di éta patempatan. Basa jalma ngababakan pikeun padumukan, tangtu aya hiji kajadian, saperti kajadian dipindahkeunana pabrik mesiu ti Ngawi jeung Surabaya ka Bandung mangaruhan kana ngaran tempat, sabab ku pindahna éta pabrik loba

urang Surabaya anu parindah ka Bandung sarta muka lembur anyar atawa ngababakan nu antukna éta tempat dingaranan Babakan Surabaya.

Bahtiar (2008:13) nétélakeun yén “ngaran géografi samodél ngaran wahangan, tegal, gunung, lebak, pulo, teluk, sagara, selat, desa/tempat, jst. Bahtiar ogé nyebutkeun yén éta hal miboga tujuan pikeun méré udagan sarta pikeun lumangsungna komunikasi di sabudeureun masarakat. Ngaran wewengkon méré hiji gambaran kana lalampahan hirup masarakatna sarta lumangsungna sajarah di éta patempatan.”

Aya ngaran hiji tempat anu dumasar kana ngaran tatangkalan, samodél ngaran *Kiara Condong* nu dicokot tina ngaran tangkal kiara nu posisina condong. Ngaran tempat anu dumasar kana hulu cai samodél Kampung *Andir*, atawa anu dimimitian ku kecap ci atawa cai.

Haji Hasan Mustapa dina Rosidi (1989: 361) nyebutkeun urang Sunda ngukuhan pisan kana babasan (cacandran), sakumaha ditétélakeun yén; “ngaran tempat-tempat wahangan-wahangan néangan sabab anu gampang tina tatangkalan atawa tina kapercayaan, saperti: *Ci Awi*, *Ci Tamiang*, *Ci Mindi*, *Ci Hampelas*. Pangkuatna lamun ngaran tangkal anu aya di sirah cai tina kapercayaan, saperti: *Ci Tarum*, *Ci Guriang* sakur anu jadi patilasan pantun. Kitu deui pasir-pasir gunung-gunung, legok-legok, lalandihanana numutkeun rupa atawa patilasan dongéng-dongéng, saperti: *Pasir Ipis*, *Pasir Halang*, *Gunung Parahu*, *Gunung Malabar*. Réa kampung anu nelah ku tatangkalan, saperti: *Kalapadua*, *Selajambé*, *Selacau*, *Bojongloa*, *Dangdeur*, *Baros*, *Caringin*, *Kiara*, *Kiara Condong*, *Kiara Payung*. Naék deui panglandi ku ngaran ti nu boga kana sato kumaha ngeunahna, saperti hayam adu: *Si Uler*, *Si Éngang*. Domba adu, kuda adu, sagala nu dipiara sapi munding sok dilandi nu tangtu. Kadang-kadang bubuahan, pakarangan, situ, sawah, sok dilandi meunang anu boga”.

Aya ogé ngaran tempat anu dumasar kana carita rakyat (aspék kultural) saperti ngaran *Gunung Tangkubanparahu* anu asal-usul ngaranna dijujut tina carita Sangkuriang. Carita ngaran hiji tempat tangtu milik masarakatna. Saeutik masarakat anu ngawasa tur apal sacara jéntré kana carita ngaran hiji tempat. Komo dina kaayaan samodél kiwari, naha masih aya kénéh masarakat anu miboga carita pikeun ngarojong kana ngaran hiji tempat?

Kaayaan samodél kitu teu jauh béda jeung kaayaan di Kota Tasikmalaya. Teu sautik urang Kota Tasikmalaya utamana generasi ngora anu apal kana carita sajarah ngaran tempatna. Ku kituna, perlu dilaksanakeun panalungtikan toponimi anu patali jeung legénda (asal-usul) ngaran tempat. Dina maluruh asal-usul ngaran tempat teu saukur ku ulikan studi pustaka, lian ti éta pikeun nangtukeun data anu *valid* ngabutuhkeun panalungtikan langsung ka lapangan. Leuwih hadé éta panalungtikan didokuméntasikeun sangkan naon anu jadi patalékan bisa kajawab, sarta bisa jadi sampeureun anak incu ka hareupna.

Dina widang atikan, dumasar kana Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) pangaweruh anu kudu ditepikeun ka siswa SMA kelas X diantaranya nya éta maca carita sajarah lokal atawa babad. Ku kituna, tina hasil ieu panalungtikan bakal dihubungkeun jeung bahan pangajaran maca carita sajarah lokal sangkan generasi ngora di Kota Tasikmalaya apal jeung wanoh kana sajarah ngaran tempatna.

Panalungtikan ngeunaan toponimi, saméméhna geus dilakukeun ku sawatara urang:

- 1) Iid Abdul Muiz (2004) “Adegan Kecap Dina Toponimi Kampung di Kacamatan Bungbulang Kabupatén Garut”;
- 2) Agung Priyaguna Irfan (2008) “Sistem Méré Ngaran Tempat (Toponimi) di Kota Sukabumi”;
- 3) Neneng Suhartini (2006) “Pakecapan Dina Toponimi di Desa Kabupatén Kuningan”;
- 4) Hidayat Kusdinar (2011) “Istilah Patempatan Dumasar Toponimi di Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat”;
- 5) Susi Sunarti (2006) “Adegan Kecap Dina Toponimi Kampung di kacamatan Cihurip Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP”.

Ku sabab can kungsi aya nu nalungtik ngeunaan toponimi di Kota Tasikmalaya, ku kituna perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan toponimi anu satuluyna hasil tina ieu panalungtikan dijadikeun bahan pangajaran maca carita sajarah lokal. Judul dina ieu panalungtikan téh nya éta “*Silsilah Ngaran-Ngaran Tempat di Kota Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMA*”.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Sangkan ambahanna teu lega teuing, dina ieu panalungtikan masalah diwatesan dina sabudeureun silsilah ngaran-ngaran tempat di Kota Tasikmalaya dumasar kana aspék fisik jeung aspék non-fisikal (*tilikan toponimi*). Panalungtikan ieu pikeun bahan pangajaran dina maca Dongéng di SMA.

### 1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan masalah-masalah dina ieu panalungtikan jéntré, baris dirumuskeun dina wangun patalékan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha aspék sistem méré ngaran tempat nu aya di Kota Tasikmalaya?
- 2) Kumaha kasang tukang ngaran tempat dumasar aspék non fisik (carita rayat) nu aya di masarakat?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA?

### 1.3. Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang, rumusan katut watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga udagan, nya éta:

- 1) mikanyaho aspék sistem méré ngaran tempat di Kota Tasikmalaya;
- 2) mikanyaho kumaha patalina kasang tukang ngaran tempat jeung carita rakyat nu aya di masarakat;
- 3) ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran dina pangajaran maca dongéng pikeun siswa SMA.

### 1.4. Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakikatna mah ngabogaan tujuan. Ieu panalungtikan téh miboga tujuan, anu ngawengku:

- 1) sacara téoritis panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban paélmuan budaya Sunda dina widang kasang tukang ngaran-ngaran kampung di Kota Tasikmalaya;
- 2) sacara praktis, panalungtikan ieu dipiharep bisa méré gambaran hususna ka masarakat di Kota Tasikmalaya, umumna ka balaréa anu maca ieu karya. Kumaha kasang tukang hiji tempat bisa dingaranan samodél kitu numutkeun masarakat satempatna;
- 3) panalungtikan ieu dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA.

### **1.5. Anggapan Dasar**

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) unggal kampung miboga ngaran anu béda, tina ngaran anu béda-béda éta tangtuna miboga kasang tukang sajarah dina méré ngaran anu béda ogé;
- 2) unggal tempat henteu sagawayah dingaranan, pasti aya aspék-aspék anu ngalantarankeun nepi ka éta tempat dingaranan samodél kitu, perlu dibuktikeun ngaliwatan hiji panalungtikan;
- 3) bahan ajar ngeunaan maca dongéng, kudu disaluyukeun jeung dongéng tempat diajarkeunana ieu materi, sangkan siswa teu ngan saukur wanoh kana dongéng anu ambahanana umum, tapi apal ogé kana dongéng tempatna sorangan.

## 1.6. Sistematika Penulisan

Sistematika penulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta:

- 1) Bab I bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan;
- 2) Bab II kajian téori tina ieu panalungtikan, diantarana waé medar budaya, basa, foklor, toponimi, jeung bahan ajar maca;
- 3) Bab III métodologi panalungtikan, medar ngeunaan désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, téknik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, instrumén panalungtikan jeung sumber data;
- 4) Bab IV hasil tina panalungtikan, medar pembahasan ngeunaan déskripsi toponimi di Kota Tasikmalaya, analisis toponimi di Kota Tasikmalaya, jeung bahan pangajaran maca dongéng pikeun siswa SMA;
- 5) Bab V kacindekan jeung saran, medar ngeunaan hal-hal nu aya pakuat-pakaitna salila panalungtikan pikeun panalungtik kahareupna.